

**PASINAON DARING PANYERATAN KARANGAN NARASI
BASA JAWI (Studi Kasus ing Kelas VIIA SMP Negeri 1 Ceper
Taun Pelajaran 2021/2022)**

TESIS

**Kangge Hanjangkepi Saperangan Sarat Anggayuh Drajat Magister
Program Studi Magister Pendidikan Bahasa**



Dipunanggit dening

**HARU PUSPOWATI
NIM 1981100023**

**FAKULTAS KEGURUAN DAN ILMU PENDIDIKAN
UNIVERSITAS WIDYA DHARMA KLATEN**

2023

Pasarujukan

PASINAON DARING PANYERATAN KARANGAN NARASI

BASA JAWI (Studi Kasus ing Kelas VIIA SMP Negeri 1 Ceper

Taun Pelajaran 2021/2022)

Dipunanggit dening

HARU PUSPOWATI

NIM 1981100023

Sampun pikantuk pasarujukan dening Dhosen Pamong kangge


dipunujekaken dhumateng Tim Penguji Tesis:

Tapak Asma

Titi Mangsa

Dhosen Pamong I,

Dr. Nanik Herawati, M. Hum.
NIK 690 902 285



21/8-23

Dhosen Pamong II,

Dr. Hersulastuti, M. Hum.
NIP 19650421 198703 2 002



28-08-2023

Kauningan

Pangarsa Program Studi Magister Pendidikan Bahasa



Dr. Hersulastuti, M. Hum.
NIP 19650421 198703 2 002

PENGESAHAN

PASINAON DARING PANYERATAN KARANGAN NARASI

BASA JAWI (Studi Kasus ing Kelas VIIA SMP Negeri 1 Ceper

Taun Pelajaran 2021/2022)

Dipunanggit dening

HARU PUSPOWATI

NIM 1981100023

Sampun dipunsarujuki saha dipunsahaken dening Tim Penguji Tesis:

Jabatan Asma


Pangarsa Dr. Ronggo Warsito, M.Pd.

Panitera Dr. H.D.B. Putut Setiyadi, M.Hum.

Penguji I Dr. Nanik Herawati, M. Hum

Penguji II Dr. Hersulastuti, M. Hum

Tapak Asma



Kauningan

Dekan

Pangarsa


Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan

Program Studi Magister Pendidikan Bahasa



Dr. Ronggo Warsito, M.Pd.

NIP. 0607106501/690 890 113



Dr. Hersulastuti, M. Hum.

NIP. 1965042119870320

PRATELAN

Ingkang tapak asma ing ngandhap punika, kula:

Nama : Haru Puspowati
NIM : 1981100023
Program Studi : Magister Pendidikan Bahasa
Konsentrasi Pendidikan Bahasa Jawa
Fakultas/Program : Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan
Universitas Widya Dharma Klaten

mratelaaken kanthi sayektosipun bilih tesis kanthi irah-irahan “ Pasinaonan Daring Panyeratan Karangan Narasi Basa Jawi (Studi Kasus ing Kelas VIIA SMP Negeri 1 Ceper Taun Pelajaran 2021/2022)” punika seratan kula piyambak. Prakawis ingkang sanes asiling karya kula salebetipun tesis punika dipunparingi pratandha *sitasi* saha dipuntedahaken wonten ing kapustakan.

Mbok bilih ing mangkenipun kabukten bilih pratela kula punika boten leres, kula sagah nampi *sanksi akademik* inggih punika arupi batalipun gelar Magister Pendidikan saking Universitas Widya Dharma Klaten,

Klaten, Juli 2023

Ingkang damel pratelan



Haru Puspowati

SESANTI

*Dedalaning guna lawan sekti
Kudu andhap asor
Wani ngalah luhur wekasane
Tumungkula yen dipundukani
Bapang den simpangi
Ana catur mungkur*

(Serat Wulang Reh, pupuh Mijil , Paku Buwana IV)

PISUNGSUNG

Kanthi raos syukur dhumateng Allah SWT, Tesis menika kula aturaken dhumateng:

1. Tiyang sepuh kula Bapak (almarhum) kaliyan Ibu ingkang sampun paring panyengkuyung saha donga pangestu.
2. Semah kula Hartono, anak kula Mas Mahesa lan Dik Kenes ingkang tansah asung panjurung.
3. Kanca-kanca setunggal angkatan ingkang tansah guyup rukun sesarengan ngudi kawruh.

ATUR PANGLANTAR

Puji syukur tansah konjuk wonten ngarsanipun Gusti ingkang Maha Wikan, karana lubering sih kanugrahan ingkang agung satemah panaliti saged nyekapaken tesis kanthi irah-irahan”*Pasinaonan Daring Panyeratan Karangan Narasi Basa Jawi “(Studi Kasus ing Kelas VIIA SMP Negeri 1 Ceper Taun Pelajaran 2021/2022)”* Tesis punika kaanggit minangka satunggaling syarat kangge nggayuh drajat Magister Pendidikan Program Studi Magister Pendidikan Bahasa, Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan Universitas Widya Dharma Klaten.

Panyeratan tesis punika saged kawujud awit saking sadaya panjurung dalah pambiyantu saking sadaya pihak. Pramila saking punika, wonten ing kalodhangan punika panyerat ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa pepindhan dhumateng:

1. Prof. Dr. H. Triyono, M. Pd. minangka Rektor Universitas Widya Dharma (Unwidha) Klaten ingkang sampun paring *fasilitas*.
2. Dr. Ronggo Warsito, M.Pd. minangka Dekan Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan Universitas Widya Dharma Klaten, ingkang sampun ngeparengaken panganggit nindakaken panaliten.
3. Dr. Hersulastuti, M.Hum. minangka Ketua Program Studi Magister Pendidikan Bahasam, Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan Universitas Widya Dharma Klaten kaliyan dosen pamong 2, ingkang sampun paring panjurung saengga panganggit saged nyekapaken tesis punika.

4. Dr.Nanik Herawati, M.Hum. minangka dosen pamong I, ingkang sampun paring kawigatosan, pangarah dalah panuntun satemah saged nyekapaken panyeratan tesis punika kanthi sabar lan tlaten.
5. Dr. H. D. B. Putut Setiyadi, M.Hum. minangka dosen ingkang sampun paring panuntun, pitedah, dalah panjurung satemah panyerat saged nyekapaken panyeratan tesis punika kanthi sabar lan tlaten.
6. Wiyana, S.Pd., M.Pd. minangka Kepala SMP Negeri 1 Ceper, ingkang sampun paring idi palilah panaliti ngawontenaken panaliten ing sekolah ingkang dipunpangarsani.
7. Para kadang mahasiswa Kelas I Program Studi Magister Pendidikan Bahasa, Fakultas Keguruan dan Pendidikan, Universitas Widya Dharma Klaten ingkang wiwit purwa madya wasana sami tansah paring panjurung kapurih paripurnaning panyeratan tesis punika.
8. Sedaya pihak ingkang boten saged panaliti sebataken satunggal baka satunggal ingkang sampun paring panyengkuyung awujud menapa kemawon satemah tesis punika saged kacekapaken.

Panaliti sampun mbudidaya murih sampurnaning tesis punika, ewa semanten panaliti jejer titah sawantah boten uwal saking kekirangan. Pramila panyaruwe saking para kadang pamaos tansah panaliti antu-antu.

Klaten , Juli 2023

Panaliti

Haru Puspowati

DAFTAR ISI

PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAN	iii
PRATELA	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG.....	vi
ATUR PANGLANTAR	vii
DHAPTAR ISI	ix
DHAPTAR TABEL.....	xiii
DHAPTAR GAMBAR	xiv
DHAPTAR LAMPIRAN	xv
SARIPATHI	xvi
ABSTRAK	xvii
<i>ABSTRACT</i>	xviii
BAB I PURWAKA	1
A. Lelarahaning Prakawis	1
B. Identitasing Prakawis	11
C. Wewatesaning Prakawis.....	13
D. Rumusaning Prakawis	13
E. Ancasing Panaliten	14
F. Mumpangating Panaliten	14

BAB II LAMBARANING TEORI, PANALITEN INGKANG GAYUT, LAN CENKORONGANING PAMIKIR	17
A. Lambaraning Teori	17
1. Pasinaonan	17
a. Werdining Pasinaonan	17
b. Ancas lan Tumindak ing Pasinaonan	20
c. Modhel Pasinaon	22
d. Pambijining Pasinaon	24
2. Wosing Pasinaonan ing Salebetipun Jaringan	27
a. Pasinaonan ing Salebetipun Jaringan	27
b. Problematika Pasinaonan Daring	29
c. Sistem Pasinaonan ing Mangsa Pandemi Covid 19	31
3. Wosing Nyerat	32
a. Pangertosan Nyerat	32
b. Mumpangat lan Ancasipun Nyerat	35
4. Jenis-jenis Karangan	38
5. Titikanipun Karangan ingkang Sae	41
6. Definisi Karangan Narasi	42
7. Jenis-Jenis Karangan Narasi	44
a. Narasi Informatif	45
b. Narasi Ekspositoris	45
c. Narasi Sugestif (Narasi Artistik)	46
8. Langkah-langkah Nyerat Narasi	47

B. Panaliten ingkang Gayut	49
C. Raganganing Pamikir.....	53
BAB III METODOLOGI PENELITIAN	56
A. Papan lan Wekdal Panaliten.....	56
B. Wujud lan Strateginipun Panaliten	58
C. Jinising Dhata lan Sumber Dhata	59
D. Teknik Ngempalaken Dhata.....	60
1. Observasi	60
2. Wawan Rembag	61
3. Analisis Dhokumen.....	62
E. Validitas Dhata	63
1. Trianggulasi Sumber	63
2. Trianggulasi Metodhe	63
F. Teknik Analisis Dhata.....	63
1. Reduksi Dhata	64
2. Penyajian Dhata	64
3. Dudutan	65
G. Jadwal Panaliten	67
H. Study Kasus.....	68
BAB IV ASILING PANALITEN LAN PANGREMBAGIPUN	76
A. Asiling Panaliten	76
1. Asiling Panaliten RPP	77
2. Asiling Panaliten Proses Pasinaonan	83

3. Asiling Panaliten Aktivitas Siswa	90
4. Asiling Panaliten Aktivitas Guru	94
5. Asiling Panaliten Materi Ajar	98
6. Asiling Panaliten Metode	103
7. Asiling Panaliten Media Pasinaonan	105
8. Asiling Panaliten Evaluasi	109
B. Pangrembagipun Asiling Panaliten	113
BAB V PANUTUP	123
A. DUDUTAN	123
B. IMPLIKASI	124
C. PAMRAYOGI	125
KAPUSTAKAN	127
LAMPIRAN	130

DHAPTAR TABEL

1. Tabel Jadwal Panaliten	67
2. Tabel Telaah RPP	79
3. Tabel Analisis Proses Pasinaon.....	84
4. Tabel Rentang Nilai Analisis Pasinaonan.....	87
5. Tabel Analisis Aktivitas Siswa	89
6. Tabel Analisis Aktivitas Guru	94
7. Tabel Rentang Nilai Aktivitas Guru	95

DHAPTAR GAMBAR

1. Trianggulasi	26
2. Raganging Pamikir Lampahing Pasinaon.....	55
3. Komponen Analisis Dhata.....	67
4. RPP Daring.....	88
5. Wawan Rembag Kaliyan Guru.....	92
6. Pasinaonan Tatap Muka 50%	97
7. Wawan Rembag Kaliyan Siswa ngginaaken Aplikasi <i>Whatsapp</i>	100
8. Wawan Rembag Kaliyan Siswa ngginaaken Aplikasi <i>Whatsapp</i>	102
9. Pasinaonan Daring kanthi <i>Zoom</i>	107
10. Hasiling Tugas Siswa.....	111
11. Hasiling Tugas Siswa.....	112

DHAPTAR LAMPIRAN

1. Profil Sekolah	129
2. Silabus Mata Pelajaran Bahasa Jawa.....	134
3. Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP) Daring	146
4. Catetan Wawan Rembag Kaliyan Guru	149
5. Catetan Wawan Rembag Kaliyan Siswa	152
6. Foto Wawan Rembag Kaliyan Guru	155
7. Foto Pasinaonan Tatap Muka 50%	157
8. Wawan Rembag Kaliyan Siswa ngginaaken <i>Whatsapp</i>	159
9. Foto Kegiatan <i>Zoom</i>	160
10. Catetan Asiling Pasinaonan ngginaaken <i>zoom</i>	164
11. Foto Hasil Tugas Siswa	166
12. Kriteria Ketuntasan Minimal (KKM)	169

SARIPATHI

Haru Puspowati, 1981100023, “Pasinaon Daring Panyeratan Karangan Narasi Basa Jawi (Studi Kasus ing Kelas VIIA SMP Negeri 1 Ceper Taun Pelajaran 2021/2022). Tesis: Program Studi Magister Pendidikan Bahasa Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan Universitas Widya Dharma Klaten, 2023.

Ancasing panaliten punika: (1) Ngandharaken titi laksana pasinaon daring nyerat karangan narasi ing kelas VIIA SMP Negeri 1 Ceper taun pasinaon 2021/2022 ing mangsa pandemi Covid-19. (2) Ngandharaken sebab-sebabipun pasinaon daring nyerat karangan narasi siswa kelas VIIA SMP Negeri 1 Ceper taun pasinaon 2021/2022 katindakaken kados dene ingkang katingal utawi kapanggihaken nalika observasi kaleksanakaken.

Methodologi panaliten punika 1) sasaran lan papanipun wonten ing SMP Negeri 1 Ceper, kelas VIIA taun pasinaon 2021/2022, 2) wujud panalitenipun kualitatif deskriptif, lan strategi panaliten punika studi kasus, 3) jinising dhatanipun (1) pocapan siswa lan guru, (2) patrap utawi tindak tanduking guru, (3) pasinaonan nyerat karangan narasi, lan (4) silabus, RPP. Sumbering dhatanipun awujud (1) kridha utawi aktivitas guru lan siswa awujud sesambetan wonten ing interaksi pasinaonan nyerat karangan narasi, (2) informanipun guru lan siswa. (3) dhokumen sekolah (asiling ulangan siswa) silabus basa Jawi taun pelajaran 2021/2022, lan RPP bab nyerat karangan narasi 4) teknik ngempalaken dhatanipun awujud teknik observasi, wawan rembag utawi wawancara, lan analisis dokumen. 5) validitas dhata awujud *trianggulasi sumber* lan *trianggulasi metode*. 6) teknik analisis dhata kualitatif awujud reduksi dhata, penyajian dhata, penarikan kesimpulan, 7) Jadwaling panaliten punika ing semester 1 taun pelajaran 2021/2022.

Asiling panaliten punika bilih pasinaonan daring nyerat karangan narasi dening siswa kelas VIIA ing SMP Negeri 1 Ceper taun pasinaon 2021/2022 ing mangsa pandemi Covid-19 punika kalampahan kanthi sae. Sampun jumbuh kaliyan Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP), katitik saking guru ingkang runtut anggenipun nindakaken pasinaon, ing perangan wiwitan (kegiatan awal), perangan inti/ pokok (kegiatan inti), dumugi perangan pungkasan (kegiatan penutup).

Dudutanipun ing panaliten punika pasinaonan daring nyerat karangan narasi dening siswa kelas VIIA ing SMP Negeri 1 Ceper taun pasinaon 2021/2022 ing mangsa pandemi Covid-19 punika kalampahan kanthi metode 50% tatap muka, lan 50% kanthi metode daring. Prakawis ingkang kapanggihaken inggih punika Problematika teknis: a) Permasalahan akses internet, b) Sarana lan prasarana ingkang kirang memadai. Lan problematika non teknis: a) Pengajar/ guru kawratan badhe ngoreksi tugas. b) Penguasaan internet ingkang winates. c) eaktifan siswa ing pasinaonan ingkang kirang. d) kathahipun tugas kangge siswa.

Wosing tembung : esai narasi, online, studi kasus

ABSTRAK

Haru Puspowati, 1981100023, “Pasinaon Daring Panyeratan Karangan Narasi Basa Jawi (Studi Kasus ing Kelas VIIA SMP Negeri 1 Ceper Taun Pelajaran 2021/2022). Tesis: Program Studi Magister Pendidikan Bahasa Fakultas Keguruan dan Pendidikan Universitas Widya Dharma Klaten, 2023

Tujuan penelitian ini adalah: (1) Untuk menjelaskan pelaksanaan pembelajaran penulisan karangan narasi secara online pada siswa kelas VIIA SMP Negeri 1 Ceper tahun ajaran 2021/2022 pada masa pandemi Covid-19. (2) Menjelaskan alasan pembelajaran online menulis karangan narasi kelas VIIA SMP Negeri 1 Ceper tahun pelajaran 2021/2022 dilakukan seperti apa yang dilihat atau ditemukan pada saat observasi dilakukan.

Metodologi penelitiannya adalah 1) sasaran dan tempat di SMP Negeri 1 Ceper kelas VIIA tahun ajaran 2021/2022, 2) bentuk penelitiannya deskriptif kualitatif, dan strategi penelitiannya adalah studi kasus, 3) jenis datanya adalah (1) pernyataan siswa dan guru, (2) gerak tubuh atau perilaku guru, (3) pembelajaran menulis karangan narasi, dan (4) silabus, RPP. Sumber datanya berupa (1) perasaan atau aktivitas guru dan siswa berupa hubungan dalam interaksi pembelajaran menulis karangan narasi, (2) informasi dari guru dan siswa. (3) dokumen sekolah (hasil pengulangan siswa), silabus bahasa Jawa tahun ajaran 2021/2022, dan RPP tentang penulisan karangan narasi 4) teknik pengumpulan data berupa teknik observasi, wawancara atau wawancara, dan analisis dokumen. 5) keabsahan data berupa triangulasi sumber dan triangulasi metode. 6) teknik analisis data kualitatif berupa reduksi data, penyajian data, penarikan kesimpulan, 7) Jadwal penelitian ini pada semester 1 tahun ajaran 2021/2022.

Hasil dari penelitian ini adalah pembelajaran online menulis karangan narasi oleh siswa kelas VIIA SMP Negeri 1 Ceper tahun ajaran 2021/2022 pada masa pandemi Covid-19 terlaksana dengan baik. Sesuai dengan Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP), dimulai dari guru yang bertugas melaksanakan pembelajaran, pada bagian awal (kegiatan awal), bagian inti/utama (kegiatan inti), hingga bagian akhir (kegiatan penutupan).

Kesimpulan penelitian ini adalah pembelajaran online menulis karangan narasi siswa kelas VIIA SMP Negeri 1 Ceper tahun ajaran 2021/2022 di masa pandemi Covid-19. Permasalahan yang ditemukan adalah permasalahan teknis: a) Permasalahan akses internet, b) Sarana dan prasarana yang belum memadai. Dan permasalahan non teknis : a) Guru akan memperbaiki tugas. b) Penguasaan internet yang terbatas. c) aktivitas siswa dalam belajar kurang baik. d) banyak tugas untuk siswa.

Kata kunci : esai narasi, online, studi kasus

ABSTRACT

Haru Puspowati, 1981100023, “Pasinaon Daring Panyeratan Karangan Narasi Basa Jawi (Case Study in Class VIIA SMP Negeri 1 Ceper Academic Year 2021/2022). Thesis: Master of Language Education Study Program, Faculty of Teacher Training and Education, University of Widya Dharma Klaten, 2023.

The aims of this study were: (1) To explain the implementation of learning to write narrative essays online for class VIIA students of SMP Negeri 1 Ceper for the 2021/2022 academic year during the Covid-19 pandemic. (2) Explaining the reasons for online learning to write narrative essays for class VIIA SMP Negeri 1 Ceper for the 2021/2022 academic year to be done as what was seen or found during the observation.

The research methodology is 1) the objectives and places in class VIIA SMP Negeri 1 Ceper 2021/2022 academic year, 2) the form of the research is descriptive qualitative, and the research strategy is a case study, 3) the types of data are (1) student and teacher statements, (2)) teacher's gestures or behavior, (3) learning to write narrative essays, and (4) syllabus, lesson plans. The data sources are (1) the feelings or activities of the teacher and students in the form of relationships in the interaction of learning to write narrative essays, (2) information from teachers and students. (3) school documents (student repetition results), Javanese syllabus for the 2021/2022 academic year, and lesson plans for writing narrative essays 4) data collection techniques in the form of observation techniques, interviews or interviews, and document analysis. 5) data validity in the form of source triangulation and method triangulation. 6) qualitative data analysis techniques in the form of data reduction, data presentation, drawing conclusions, 7) The schedule for this research is in semester 1 of the 2021/2022 academic year.

The results of this study are that online learning to write narrative essays by class VIIA students of SMP Negeri 1 Ceper for the 2021/2022 academic year during the Covid-19 pandemic was carried out well. In accordance with the Learning Implementation Plan (RPP), starting from the teacher in charge of carrying out learning, at the beginning (initial activity), the core/main part (core activity), to the end (closing activity).

The results of this study are online learning to write narrative essays for class VIIA students of SMP Negeri 1 Ceper for the 2021/2022 academic year during the Covid-19 pandemic. The problems found were technical problems: a) Internet access problems, b) Inadequate facilities and infrastructure. And non-technical problems: a) The teacher will fix the assignment. b) Limited internet control. c) student activity in learning is not good. d) lots of assignments for students.

Keywords: narrative essay, online, case study

BAB I

PURWAKA

A. Lelarahaning Prakawis

Basa Jawi kalebet basa daerah ingkang kathah panuturipun menawi dipunbandingaken kaliyan basa daerah sanesipun. Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa (Badan Bahasa), Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Penelitian dan Teknologi (Kemendikbudristek) lumantar Balai Bahasa Provinsi Yogyakarta sesambetan kaliyan Keraton Ngayogyakarta Hadiningrat ngawontenaken Seminar Nasional Hari Bahasa Ibu Internasional, ingkang kalaksanan ing Yogyakarta, tanggal 13 Maret 2023. Tema ingkang dipunangkat wonten ing acara punika babagan “*Basa Jawa Sebagai Saka Guru Penyesuaian Masyarakat terhadap Perkembangan Ilmu Pengetahuan dan Teknologi serta Arus Budaya Lokal*”. Wonten laporanipun, Kepala Balai Bahasa Provinsi Yogyakarta, Dwi Pratiwi njlentrehaken, bilih ancasipun kagiyatan punika kangge mirengaken arahan ingkang sesambetan kaliyan kebijakan perlindungan basa dhaerah saking para nara sumber. Kejawi punika ugi njaring pendapat lan pamikiran babagan sawatara perkawis. Inggang sepisanan, upaya ingkang kedah katindakaken supados basa Jawi saged dados Kejawi punika ugi kangge ngempalaken pemanggih lan pamikiran babagan sawatara perkawis. Inggang sepisanan, upaya ingkang kedah katindakaken supados basa Jawi saged dados prasarana pamikiran lan sarana hanyengkuyung tuwuhipun lan ngrembakanipun iptek saha produk budaya

local. Kaping kalihpun, upaya ingkang saged katindakaken supados kosakata utawi istilah local mboten ical kenging arus global. Kepala Badan Bahasa, E. Aminudin Aziz nyebataken fakta bilih kondisi basa Jawi kalebet taksih stabil, nanging kondisi punika kedahipun mboten ndadosaken masyarakat terlena. Data survey ingkang enggal saking Badan Pusat Statistik (BPS) nyebataken bilih penutur basa Jawi kacathet 80 juta tiyang. Punika gunggungipun para penutur asli, ingkang mayoritas ngginaaken basa Jawi wonten ing lingkungan pasrawungan utawi lingkup keluarga. Saking cachipun penutur punika, 73% punika penutur basa Jawi asli (bahasa jati) ingkang ngginaaken basa kasebat ing lingkup keluarga. Dene ingkang 27% punika tiyang Jawi ingkang mboten ngginaaken basa Jawi ing saklebetipun keluarga.

Nanging sanajan kanthi jumlah panutur ingkang ageng, mboten ateges *eksistensi* basa Jawi tanpa ancaman kapunahan. Salah satunggaling faktor ingkang ndadosaken basa Jawi ing era global saged punah utawi ical inggih punika panutur basa Jawa wekdal punika kathah ingkang ngginakaken basa *multilingual*, mboten ngginaaken *monolingualing* saklebetipun komunikasi. Ing setunggal wilayah saged dipunpanggihi ragam basa ingkang gesang sesarengan, saengga *interaksi multilingual* kasebat dangu-dangu dados ancaman kangge eksistensipun basa Jawi. Menapa malih ing wekdal punika pasinaonan basa Jawi kirang kagatosaken dening para mudha.

Salah satunggaling prakawis piwulangan wonten ing pendidikan formal (sekolah) inggih punika taksih andhapipun daya serap siswa ingkang ndadosaken hasil pasinaon siswa andhap sanget, prakawis punika

dipunsebabaken kawontenan piwulangan ingkang sifatipun tradisional. Piwulangan tradisional punika kirang paring motivasi kangge siswa supados tuwuh lan ngrembaka piyambak kanthi proses pikiranipun. Kathah dwija ingkang langkung remen ngginakaken metodhe piwulangan ingkang konvensional jalaran mboten ngginakaken piranti/alat lan bahan praktek, cekap njlentrehaken konsep-konsep ingkang wonten ing buku ajar kemawon. Jumbuh kaliyan prakawis ing nginggil, ing piwulangan ingkang ngginakaken metodhe tradisional wonten kekuranganipun inggih punika 1) menawi asring dipunginaaken lan kedangon, nuwuhaken raos bosen, 2) Ndadosaken siswa pasif, amargi siswa namung mirengaken andharan dening dwija kemawon, ugi 3) ndadosaken verbalisme

Wonten ing kegiatan piwulangan basa Jawi punika sami kaliyan proses piwulangan sanesipun, ingkang mbetahaken metodhe. Metodhe punika salah setunggaling piranti ingkang penting sanget jalaran metodhe punika salah setunggaling piranti kangge nyawisaken bahan piwulangan wonten ing salebeting proses piwulangan. Saking keterangan punika mila dwija sakderengipun mucal kedah anggadahi rancangan lan metodhe ingkang badhe dipun-ginakaken nalika piwulangan dipuntindakaken. Kanthi metodhe ingkang trep lan efektif, pasinaonan basa Jawi langkung dipunremeni para siswa lan para siswa langkung paham anggenipun nampi materi ingkang dipunjlentrehaken dening guru.

Kurikulum Basa Jawi *Review* 2010 ingkang saklajengipun dipunsusul Kurikulum 2013 ing sakawit piwucalan Basa Jawi mboten wonten, amargi

dipunintegrasekaken ing piwucalan Seni Budaya kaliyan Gubernur Jawa Tengah kanthi serat edharan netepaken bilih wiwit SD dumugi SMA dipunparingi piwucalan Basa Jawi. Wekdal ingkang dipunparingaken namung 2 Jam pelajaran saben minggunipun. Awit bahan pasinaonan ingkang kathah, lan wekdal ingkang winates, pramila guru kedah saged mantha-mantha wekdal punika supados sedaya materi saged dipunwucalaken.

Ing pasinaonan basa Jawi wonten pamanggih bilih pasinaonan basa Jawi punika *susah, mbingungaken*. Wontenipun pamanggih punika ndadosaken para muda langkung tebih saking basa Jawi, piwucalan basa Jawi mboten dipun-gatosaken malih. Grengsengipun para mudha utaminipun para siswa anggenipun sinau basa Jawi kirang. Pramila supados piwulangan punika dipun-gatosaken lan dipunremeni dening siswa, nalika ing pasinaonan kedah dipundamel swasana pasinaonan ingkang ngremenaken saha trep wekdalipun. Kanthi pendhekatan saha metodhe ingkang trep, cara maringaken seserepan ingkang ngremenaken saha sanes-sanesipun saged ndadosaken pasinaonan lancar. Pasinaonan mata pelajaran punapa kemawon mbetahaken kawontenan ingkang kados makaten menika, kalebet pasinaonan basa Jawi.

Guru kalebet ingkang dherek nemtokaken kasil saha kagayuhipun ancasing pasinaon. Guru basa Jawi kedah saged damel Rantaman Program Pasinaon (RPP), milah saha milih bahan pasinaon, nemtokaken pendhekatan saha strategi pasinaon ingkang jumbuh kaliyan standar kompetensipun, ugi kedah terampil anggenipun maringaken seserepan dhateng para siswa. Kasilipun ancasing pasinaonan ugi boten saged uwal saking sarana lan

prasarananipun. Pramila ing saklebeting pasinaonan kedah dipun-gatosaken swasana saha kahanan ruang kelas, media, buku-buku, saha kalawarti, ingkang saged nyengkuyung lan jumbuh kalian pasinaonanipun.

Keterampilan nyerat (*writing skill*) punika salah setungaling keterampilan basa ingkang kedah dipunwucalaken dhateng para siswa SMP kelas VII. Keterampilan nyerat punika minangka kegiatan priyantun kangge medharaken wohing pamikiranipun lumantar basa tulis kangge dipunwaoslan dipunmangertosi dening tiyang sanes. Wohing pamikiran menika saged arupi pengalaman, pamanggih, pangertosan, pepinginan, perasaan ngantos gregetipun tiyang. Ide-ide kasebat dipunwedharaken lan dipunaturaken kanthi basa tulis, inggih punika basa ingkang boten ngginakaken piranti swanten lan pamireng ananging migunaaken tandha lan lambang-lambang ingkang kedah dipunwaos (Gie, 2002: 9).

Adhedhasar pangertosan ing nginggil saged dipundamel dudutan bilih nyerat inggih menika satunggaling kegiatan ngaturaken pesen kanthi migunaaken basa tulis minangka piranti utawi medianipun. Rikala nyerat wonten sekawan unsur ingkang kasangkut: panulis minangka panutur, pesan utawi tulisan, media, lan pamaos minangka panampi atur.

Kurikulum basa Jawi kangge SMP ing Provinsi Jawa Tengah ingkang kababar ing taun 2013 mliginipun ing piwucalan kelas VII semester setunggal wonten standar kompetensi ingkang mratelakaken *Peserta didik mampu mengungkapkan pikiran, gagasan, pendapat, dan perasaan dalam berbagai jenis karangan menggunakan ragam bahasa Jawa sesuai unggah ungguh dan*

menulis paragraf sederhana berhuruf Jawa lan kompetensi dasar *Menulis karangan tertentu*. Pramila nyerat karangan perlu sanget dipunwucalaken dhumateng siswa.

Keterampilan nyerat punika keterampilan ingkang mboten saben tiyang saget nglampahi. Piwucalan keterampilan nyerat punika, utaminipun nyerat karangan narasi, mbetahaken kawigatosan wiwit tataran dhasar piyambak. Saben tiyang ingkang kepingin terampil nyerat, mbetahaken pasinaonan ugi gladhen ingkang lumintu. Minangka aspek keterampilan basa, keterampilan nyerat karangan narasi saget dipun-gadhahi dening tiyang-tiyang ingkang tansah sregep lan mepeng gladhen nyerat. Pramila ing piwucalan nyerat karangan narasi punika, para siswa kedah dipun-gladhi kanthi ngulintenaken ngembangaken keterampilan nyerat.

Pelatihan nyerat nuntut peran ingkang ageng saking guru basa. Ananging kathah guru basa ingkang dereng ngrumaosi wigatosipun pambinaan pelatihan nyerat kalebet nyerat narasi, saengga keterampilan nyerat para siswa menika andhap (*rendah*). Para guru langkung asring mucalaken teori-teoripun, saengga para siswa kadhang kala mboten remen. Wonten malih kawontenan ing kelas, kathah tetembungan ingkang sederhana dereng saged dipunsusun dados karangan sederhana. Saenggo hasil nilainipun dados awon, malah kathah ingkang sak ngandhapipun KKM. Fenomena kados mekaten nuduhaken bilih sistem pasinaonan basa kedah dipundandosi lan dipuntingkataken. Proses dandosi punika mbetahaken kreativitas guru basa kangge ngetrepaken metode utawi teknik ingkang saged paring pasinaonan

dhateng para siswa kanthi efektif, kreatif, lan ngremenaken. Kawontenan punika langkung efektif katimbang namung dipunparingi teori kemawon. Perkawis kados punika ingkang dipunalami dening para siswa-siswi ing SMP Negeri 1 Ceper, mliginipun kelas VII. Kejawi babagan strategi pamucalan ingkang dipunwucalaken dening guru, ugi wontenipun virus *covid 19* ingkang sumebar ing donya.

Wontenipun virus Corona ingkang sumebar ing sadengah papan ing donya menika ndadosaken ewah-ewahan ing sedayanipun. Pandemi Covid-19 nglumpuhaken sedaya sektor, kados sektor kesehatan, psikologis, ekonomi, pariwisata dumugi pendidikan. Covid-19 punika cekakan saking *Coronavirus disease 2019*, inggih punika penyakit jenis enggal ingkang dipunsebabaken wontenipun virus *Severe AcuteRespiratory Syndrome Coronavirus-2 (SARS-Cov-2)* ingkang saderengipun *Novel Coronavirus(2019-nCov)*. World Health Organisation(WHO) netepaken status pandemi tanggal 11 Maret 2020.

Sedaya upaya sampun kalampahan kangge nyegah sumebaripun virus punika. Pamarentah Indonesia ing kawontenanpunika netepaken kebijakan ing salebetipun PP Nomor 21 Tahun 2020, kados *pembatasan sosial berskala besar (PSBB)*, *penerapan social distancing*, *karantina wilayah*, kaliyan *kampanye* supados tetep wonten griya kemawon. Kebijakan ingkang dipunpundhut pamarintah minangka upaya kangge mugel mata rantai *Covid-19* nggadhahi dampak ing sedaya sektor, salah setunggalipun ing jagadipun pendidikan. Kebijakan menika paring dampak ing pendidikan Indonesia khususipun ing pasinaonan sekolah (Lestari & Gunawan, 2020).

Aktifitas pendidikan ing sedaya jenjang wiwit Paud, TK, SD, SMP, SMA/SMK, dumugi perguruan tinggi mboten saged kalampahaken ing kelas. Peralihan saking pasinaonan tatap muka dados pasinaonan daring utawi pasinaonan jarak jauh, dados bab ingkang enggal kagem guru kaliyan siswa (Rigianti, 2020). Proses pasinaonan ing mangsa pandemi dipunlaksanakaken sistem pasinaonan jarak jauh kanthi sistem daring ing griyanipun piyambak-piyambak (Lestari dan Gunawan, 2020). Pamarintah lumantar Menteri Pendidikan lan Kebudayaan ngedalaken Surat Edaran Nomor 4 Tahun 2020 bab Pelaksanaan Kebijakan Pendidikan ing mangsa Darurat Penyebaran COVID. Ing serat edaran punika dipunsebataken bilih kegiatan belajar mengajar dipulaksanaaken ing griya lumantar pasinaonan daring utawi jarak jauh. Pasinaonan daring punika mujudaken pasinaonan ingkang lampahipun kanthi mboten wonten interaksi fisik, namung ngginakaken *platform digital berbasis internet* (Putra & Irwansyah, 2020).

Interaksi antawisipun guru kaliyan siswa namung saged kaleksanan lumantar pemanfaatan teknologi informasi, kanthi perangkat komputer ingkang kasambung antawisipun siswa kaliaan guru, utawi guru kaliyan siswa saengga kanthi pemanfaatan teknologi punika kegiatan belajar mengajar tetep saged kaleksanan (Fitriani dan Pakpahan, 2020). Mendikbud ngemutaken bilih proses belajar ing griya punika mboten ngrubah cara pasinaonan ing saklebetipun kelas. Tegesipun sanajan para siswa sinau ing griyanipun piyambak, para guru tetep ngajar, wonten interaksi kaliyan para siswa. Pemerintah nyawisaken maneka warna aplikasi pasinaonan ingkang

saged dipun-akses lan dipun-ginaaken dening guru kaliyan siswa. Dene media ingkang saged dipun-ginaaken kadosta metode *WhatsApp grup, zoom, google class room, google meet*. Miturut Arsyad (2011) media pasinaonan online utawi asring dipunsebat *e-learning* kalebet media penunjang pendidikan lan mboten minangka media pengganti pendidikan. Proses *e-learning* minangka media *distance learning* nyiptaaken paradigma enggal, inggih punika peran guru ingkang asifat “*fasilitator*” lan siswa minangka “*peserta aktif*” ing proses belajar-mengajar. Pramila guru dipuntuntut supados damel teknik mucal ingkang sae, penyajian bahan ajar ingkang sae, dene siswa kasuwun aktif ing proses pasinaonan punika.

Kasunyatanipun pasinaonan *online* punika dereng dipundukung dening kesiapan sarana lan prasarana, sumber belajar lan kemampuan sumber dayanipun. Pasinaonan daring punika mbetahaken sinergi sedaya pihak, antawisipun guru, tiyang sepuh, saha siswanipun kangge ngawekani sedaya hambatan sakdangunipun pasinaonan jarak jauh. Lan wonten ing *e-learning* punika mboten sedaya para siswa saged kasil pasinaonipun. Kathah para siswa ingkang pasif, lan ngginakaken maneka warna alasan kangge nilaraken tugasipun. Kawontenan punika dipunsebabaken saking pengaruh lingkungan pasinaonan kaliyan karakteristik peserta didik punika piyambak (Nakayama dan Yamamoto, 2007). Kendala ing pasinaonan online punika mboten namung dipun-alami para siswa, nanging ugi dipun-alami guru, kaliyan tiyang sepuh. Para siswa rumaos bosen ngginakaken pasinaonan jarak jauh punika. Kathah tiyang sepuh ingkang ngersakaken pasinaonan kanthi

tatap muka langsung, amargi biaya kangge mundhut kuota langkung inggil. Kawontenan kados mekaten punika ingkang kedadosan wonten ing SMP Negeri 1 Ceper, sakdangunipun mangsa pandemi covid 19 punika. Saengga asiling pasinaonan ing mangsa pandemi samsaya andhap, mliginipun wonten ing panyeratan karangan narasi punika.

Adhedhasar bab-bab ingkang kaandharaken ing nginggil nedahaken bilih wonten prakawis ingkang gegayutan kaliyan pasinaonan panyeratan karangan narasi. Inggih amargi prakawis punika, Panaliti badhe ngawontenaken panaliten lampahing pasinaonan panyeratan karangan narasi punika, kangge madosi kenging punapa asiling pasinaonan panyeratan karangan narasi punika kirang maremaken, utawi mboten jumbuh kaliyan ingkang dipunkajengaken. Papan panaliten punika mboten sedaya SMP ingkang dipunsurvey, nanging namung winates ing SMP Negeri 1 Ceper.

SMP Negeri 1 Ceper kalebet sekolah ingkang ageng, lan kalebet ing wewengkon Kecamatan Ceper, Kabupaten Klaten. Gunggung kelasipun wonten selikur, inggih menika kelas VII wonten 7 rombel, kelas VIII wonten 7 rombel, saha kelas IX ugi wonten 7 rombel. Ngengingi wekdal ingkang winates, saha kahanan ing mangsa pandemi, pramila panalitenpunika katindakaken ing kelasVII, mliginipun kelas VIIA.

Punapa ingkang njalari kelas VIIA ingkang dipunpilih kangge panaliten punika? Kapilihipun kelas VIIA ing panaliten punika kanthi tetimbangan (1) wonten ing SMP Negeri 1 Ceper, kelas punika kalebet kelas ingkang dipununggulaken, kanthi nilai siswa ingkang inggil menawi

dipunbandingaken kaliyan kelas sanesipun, dipunajab saking kelas punika tuwuh bibit-bibit siswa ingkang prestasinipun unggul (2) miturut katranganipun guru basa Jawi SMP Negeri 1 Ceper ingkang mucal wonten kelas VIIA, paring pangandikan bilih hasil tugas piwucalan bab nyerat karangan narasi kirang ngremenaken (3) saperangan para siswa ingkang matur menawi nyerat ngginaaken basa Jawi punika awrat, sanajan ngginaaken basa padinan.

Adhedhasar prakawis ingkang sampun kaandharaken ing nginggil, pramila panaliti badhe ngawontenaken panaliten lampahipun pamucalan nyerat karangan ing kelas VIIA SMP negeri 1 Ceper ing mangsa pandemi punika. Panaliti matesi namung ngawontenaken panaliten ing SMP Negeri 1 Ceper kangge madosi sebabipun asiling pasinaon ingkang mboten maremaken utawi mboten jumbuh kaliyan ingkang dipunkajengaken. Dene irah-irahan panaliten punika “Pasinaon Daring Panyeratan Karangan Narasi Basa Jawi (Studi Kasus ing Kelas VIIA SMP Negeri 1 Ceper Taun Pelajaran 2021/2022).

B. Idhentitasing Prakawis

Ngandharaken sakathahing prakawis kados ingkang sampun kababar ing nginggil panci namung badhe muspra awit saking punika prakawis ingkang dipunandharaken ing nginggil perlu dipunandharaken saha dipuntandhesaken kanthi cara dipuntintingi. Adhedhasar lelarahing prakawis ingkang sampun dipunaturaken ing nginggil saged dipuntintingi prakawis-

prakawis ingkang wonten gandheng cenengipun kaliyan pasinaon nyerat karangan narasi kados ing ngandhap punika:

1. Jaman modhern punika kathah siswa ingkang kirang mangertosi tetembungan basa Jawi, amargi para siswa dipunkulintenenaken migunakaken basa Indonesia minangka basa sabendintenipun.
2. Pasinaon basa Jawi mliginipun babagan nyerat karangan narasi kirang patos ngremenaken tumraping para siswa .
3. Kirangipun krenteg para siswa ing piwulangan nyerat karangan narasi.
4. Cara (metodhe), pola, saha pendhekatan pasinaon ingkang dipunginakaken guru dereng ngremenaken siswa.
5. Wonten saperangan Guru ingkang mboten mangsulaken garapan ingkang kaparingaken dhateng para siswa, saenggo ndadosaken para siswa mboten mangertosi leres lepatipun lan asilipun garapan punika.
6. Dereng sedaya guru mata pelajaran basa Jawi jumbuh ing antawisipun pendhidhikan lan ayahanipun.
7. Kirangipun wekdal ingkang dipun cawisaken kangge mata pelajaran basa Jawi. Kanthi gungungipun materi ingkang kathah, pasinaonan basa Jawi namung pinaringan wekdal 2 (kalih) jam saben minggunipun.
8. Basa Jawi ingkang mboten dipuntesaken kanthi nasional, njalari para siswa kirang greget anggenipun sinau basa Jawi.
9. Kirangipun diklat-diklat basa Jawi ing laladan Kabupaten Klaten kangge ngindhakaken seserepaning para guru Basa Jawi.

10. Kirangipun panyengkuyung saking tiyang sepuh tumraping siswa ing babagan mata pelajaran basa Jawi.

C. Wewatesaning Prakawis

Saking identifikasi prakawis ingkang sampun kaandharaken ing nginggil, pranyata kathah prakawis pasinaonan punika. Pramila wonten ing panaliten punika kedah netepaken wewatesaning prakawis .

Panaliten badhe munjeraken dhateng prakawis ingkang gayut kalian topik, inggih punika pasinaon daring panyeratan karangan narasi basa Jawi. Kanthi tetimbangan andhapipun asiling pasinaon panyeratan karangan narasi, ingkang kalampahan kanthi sistem pasinaonan *online*. Dene kelas ingkang dados punjering lampahing panaliten punika ing kelas VIIA, ing semester ganjil, taun pelajaran 2021/2022.

D. Rumusaning Prakawis

Adhedhasar wewatesaning prakawis ing nginggil, ingkang saged dipunrumusaken saking lelarahaning prakawis kasebut inggih punika:

1. Kados pundi lampahing pasinaon daring nyerat karangan narasi siswa kelas VIIA ing SMP Negeri 1 Ceper taun pasinaon 2021/2022 ing mangsa pandemi Covid-19 punika?
2. Prakawis-prakawis punapa ingkang njalari pasinaon daring nyerat karangan narasi kelas VIIA SMP Negeri 1 Ceper taun pasinaon

2021/2022 katindakaken kados dene ingkang katingal utawi kapanggihaken nalika observasi kaleksanakaken?

E. Ancasing Panaliten

Satunggaling panaliten nggadhahi ancas tujuwan kangge ngrampungaken prakawis saengga asilipun maremaken jumbuh kaliyan ingkang dipungadhang. Supados arah panaliten punikacetha, runtut pramila kedah dipunaturaken ancas tujuanipun kanthi cetha. Adhedhasar rumusaning prakawis panaliten punika pramila tujuanipun panaliten wonten kalih inggih punika :

1. Ngandharaken titi laksana pasinaon daring nyerat karangan narasi ing kelas VIIA SMP Negeri 1 Ceper taun pasinaon 2021/2022 ing mangsa pandemi Covid-19 .
2. Ngandharaken sebab-sebabipun pasinaon daring nyerat karangan narasi siswa kelas VIIA SMP Negeri 1 Ceper taun pasinaon 2021/2022 katindakaken kados dene ingkang katingal utawi kapanggihaken nalika observasi kaleksanakaken.

F. Mumpangating Panaliten

Wonten ing purnaning panaliten punika samangke dipunajab saged nggadhahi kagunan ingkang sae, dhateng sedaya ingkang kersa maos asiling panaliten, inggih punika:

1. Mumpangatipun Teoritis

- a. Tambahing wawasan dhumateng panaliten saha pamaos bab panyeratan karangan narasi.
 - b. Saged atur inspirasi saha refleksi dhumateng guru anggenipun nglampahaken pasinaon.
 - c. Saged dipundadosaken tetimbangan dhumateng guru enggal utawi calon guru ingkang badhe mucal basa Jawi.
 - d. Saged dipun agem dados bahan referensi tumraping para panaliti ingkang nggadhahi prakawis ingkang saemper.
2. Mumpangat Praktis
- a. Tumrap sekolah: panaliten punika minangka ancer-ancer tumrap Sekolah Menengah Pertama (SMP) supados saged ngrembakaken pasinaon muatan lokal utawi basa Jawi.
 - b. Kepala sekolah: panaliten punika saged paring sumbang surung kangge kepala sekolah rikala paring evaluasi bab kalampahanipun pasinaon dhumateng guru nalika nindakaken pasinaon basa Jawi.
 - c. Tumrap guru: panaliten punika minangka panambahing minat saha inspirasi dhumateng guru kangge pasinaon panyeratan karangan narasi ing SMP, ngrembakakaken kawruh ingkang saged nambah profesionalitas salebeting nyambut damel, saengga nuwuhaken swasana pasinaon ingkang efektif. Bab kasebat estunipun mboten naming kangge guru kemawon, ananging ugi tumrap MGMP basa Jawi.

- d. Tumrap panaliti: panaliti saged pikantuk kawruh babagan dayaning pasinaon nyerat karangan narasi ingkang dipuntrapaken ing kelas. Sanesipun asil saking panaliten punika dipunajab supados saged dados tetimbangan kangge evaluasi pasinaon basa saha sastra Jawi utaminipun bab pasinaon nyerat karangan narasi tataran kelas VII SMP.

BAB V

DUDUTAN, IMPLIKASI, LAN PAMRAYOGI

A. Dudutan

Wonten ing perangan ingkang pungkasan punika, adhedhasar pangrembagipun dhata ing Bab IV, panaliti saged ngaturaken dudutanipun bilih :

1. Pasinaonan daring nyerat karangan narasi dening siswa kelas VIIA ing SMP Negeri 1 Ceper taun pasinaon 2021/2022 ing mangsa pandemi Covid-19 punika kalampahan kanthi sae, kanthi ngginaaken metodhe 50% tatap muka, lan 50% kanthi ngginaaken metodhe daring. Aplikasi ingkang dipun-ginaaken nalik pasinaonan daring inggih punika *Whatsapp*, *Voice note*, *zoom* lan *google meet*. Dene proses pasinaon ingkang 50% tatap muka kalaksanan kirang langkung antawis tabuh 7 dumugi 10. Sanajan pasinaonan punika kalaksanan kanthi daring, guru ugi damel perencanaan pasinaonan, inggih punika awujud RPP daring. Liripun lampahipun pasinaonan punika jumbuh kaliyan *Rencana Pelaksanaan Pembelajaran* utawi RPP daring punika, katitik saking runtuting guru anggenipun nindakaken pasinaonan ing perangan awal (kegiatan awal), perangan inti (kegiatan inti), ngantos perangan pungkasan (kegiatan akhir).

Aplikasi ingkang langkung asring dipun-ginaaken inggih punika aplikasi *Whatsapp*. Aplikasi punika kangge sesambetan kaliyan para

siswa lan tiyang sepuhipun. Kejawi punika *Whatsapp* ugi dipunginaaken guru kangge maringaken informasi ingkang sesambetan kaliyan pasinaonan. Dene aplikasi kados *Zoom* utawi *geoglee meet* asring mboten dipuntanggapi dening para siswa, amargi aplikasi punika mbetahaken kuota ingkang ageng. Semanten ugi nalika kegiatan evaluasinipun. Hasil evaluasi wonten ingkang dipunkintun kanthi ngginaaken *Whatsapp*, nanging wonten ugi ingkang dipunkempalaken langsung dhateng sekolah, nalika kegiatan pasinaonan dipunlampahi kanthi tatap muka 50%.

2. Prakawis-prakawis ingkang njalari pasinaon daring nyerat karangan narasi kelas VIIA SMP Negeri 1 Ceper taun pasinaon 2021/2022 katindakaken kados dene ingkang katingal utawi kapanggihaken nalika observasi kaleksanakaken inggih punika:
 - a. Problematika teknis: a) Permasalahan akses internet, b) Sarana lan prasarana ingkang kirang memadai.
 - b. Problematika non teknis: a) Pengajar/ guru kawratan badhe noreksi tugas. b) Penguasaan internet ingkang winates. c) eaktifan siswa ing pasinaonan ingkang kirang. d) kathahipun tugas kangge siswa.

B. Implikasi

Sasampunipun kaleksanaaken analisis dhata pasinaonan daring nyerat karangan narasi dening siswa kelas VIIA ing SMP Negeri 1 Ceper taun pasinaon 2020/2021 saged ka-amplikasiaken makaten:

1. Pasinaonan daring nyerat karangan narasi dening siswa kelas VIIA ing SMP Negeri 1 Ceper taun pasinaon 2020/2021 ing mangsa pandemi Covid-19 punika saged kaleksanan kanthi ngginaaken aplikasi *Whatsapp, google clasroom, lan voicenote*.
2. Panguwaosing guru babagan materi karangan narasi umumipun lan keterampilan panyeratan karangan narasi mliginipun kedah dipunindhakaken.
3. Wonten ing pasinaonan daring punika saged mangertosi karakteristik para siswa.
4. Kagem para guru, lampahipun pasinaonan daring punika saged nambah kawruh lan pengalaman ing babagan ilmu lan teknologi.
5. Tuwuhipun semangat, minat, lan kreativitas siswa saged dipunsengkuyung kanthi paring *reward* utawi *punishment* (bebingah lan paukuman) ingkang prayogi.

C. Pamrayogi

Adhedhasar dudutan asiling panaliten babagan pasinaonan daring panyeratan karangan narasi basa Jawi ing kelas VIIA SMP Negeri 1 Ceper, pamrayogi ingkang saged panaliti aturaken inggih punika :

1. Dhateng guru Basa Jawi SMP
 - a. Guru kedah ningkataken inovasi lan kreativitasipun wonten ing pasinaonan, saenggo dados guru ingkang profesional lan mboten njuwarehi.

- b. Guru kedah mbudidaya tansah paring motivasi supados para siswa langkung optimis lan termotivasi .
- c. RPP ingkang sampun kadamel kedah dipuntuhoni dening guru lan dipundadosaken garan kangge mglaksanaaken pasinaonan, saengga jumbuh kaliyan tujuan saha ancasing pasinaonan.

2. Dhateng Sekolah SMP

- a. Sekolah paring kalonggaran kagem Guru kangge nambah kawruhipun ing tataran sanginggilipun, saengga saged ningkataken seserepan lan profesional guru
- b. Sekolah saged nyawisaken piranti pasinaonan ingkang trep, umpaminipun buku-buku penunjang, lan LCD
- c. Sekolah lumantar Dinas Pendidikan nyuwun dhumateng Badan Kepegawaian Daerah (BKD) ngaturaken panyuwunan supados dipuntugasaken guru mata pelajaran ingkang jumbuh kaliyan ijazahipun.

KAPUSTAKAN

- Aji, Wahyu, Dewi, Fatma. 2020. *Dampak Covid-19 Terhadap Implementasi Pembelajaran Daring di Sekolah Dasar*. Jurnal Ilmu Pendidikan. Vol. 2, No. 1, h. 55-61.
- Alawiyah Susi. 2020. *Pembelajaran Online dan Hasil Menulis Karangan Argumentasi di Era Big Data*. JUSTEK : JURNAL SAINS DAN TEKNOLOGI <http://journal.ummat.ac.id/index.php/justek> ISSN 2620-5475 Vol. 3, No. 1, Mei 2020, Hal. 32-41
- Al-Qawiy, A (2004 :39) op cit.:39. "Dampak Kejenuhan Belajar." Jakarta: Khalifa. Annamalai (2018: 216) dalam jurnal "How Do We Know What is Happening in
- Anisatun Nafi'ah Siti. *Model-Model Pembelajaran Bahasa Indonesia di SD/MI*. Yogyakarta: Ar-Ruzz Media. 2018.
- Anugrahana, Andri. 2020. *Hambatan, Solusi dan Harapan: Pembelajaran Daring Selama Masa Pandemi Covid-19 Oleh Guru Sekolah Dasar*. Scholaria: Jurnal Pendidikan dan Kebudayaan, Vol. 10 No. 3, September 2020: 282-289.
- Arsyad, Azhar. 2002. *Media Pembelajaran*. Jakarta: PT. Rajagrafindo.
- Asmuni. 2020. *Problematika Pembelajaran Daring di Masa Pandemi Covid-19 dan Solusi Pemecahannya*. Jurnal Paedagogy. Vol. 7. No. 4.
- Aunurrahman. 2016. *Belajar Dan Pembelajaran*. Bandung: PT. Alfabeta.
- Dalman. 2016. *Keterampilan Menulis*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada
- Di, P. C.-, & Nurulhuda, M. I. (2020). *Pemanfaatan Media Pembelajaran E-Learning Menggunakan Whastsapp Sebagai Solusi Ditengah Penyebaran Covid-19 Di Mi Nurulhuda Jelu*. 6(2), 144–159.
- Enre, Fachruddin Ambo. 1994. *Dasar-dasar Keterampilan Menulis*. Makassar: IKIP.
- Fitriyani, Yani dkk, "Motivasi Belajar Mahasiswa Pada Pembelajaran Daring Selama Pandemi Covid-19", Jurnal Kependidikan, Vol 06 No.2 (Juli 2020), h.166
- Hidayah, Nurul. (2016). *Pembelajaran Bahasa Indonesia di Perguruan Tinggi*. Garudhawaca Yogyakarta.
- Keraf, Gorys. 2010. *Argumentasi dan Narasi*. Jakarta: Gramedia.

- Kurniawan, K. (2013). *Model Pengajaran Bahasa Indonesia bagi Penutur Asing Tingkat Lanjut*. Dalam <http://researchengines.com/0106moh.html>, diakses 1 November 2013.
- Lamuddin, Finoza. 2004: 192. *Komposisi Bahasa Indonesia*. Jakarta: Diksi Insan Mulia.
- Moleong, Lexy. J 2005. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Mulyasa. 2009. *Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Pakpahan R, & Fitriani Y. 2020. *Analisa Pemanfaatan Teknologi Informas Dalam Pembelajaran Jarak Jauh Di Tengah Pandemi Virus Corona Covid-19*. *Jurnal of Information System, Applied, Management, Accounting and Research*, 4 (2), 30-36
- Prisna Destia, Padi Utomo , dan M. Arifin. 2017. *Kemampuan Menulis Teks Karangan Narasi Siswa Kelas X SMK Negeri 03 Model Invest Kota Bengkulu*. Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia Jurusan Pendidikan Bahasa dan Seni FKIP Universitas Bengkulu. destiaprishna@yahoo.com. *Jurnal Ilmiah Korpus*, Volume I, Nomor II, Desember 2017
- Sadikin, Ali. 2020. “*Pembelajaran Daring di Tengah Wabah Covid-19*”. *Jurnal Ilmiah Pendidikan Biologi*, Vol. 06, No. 02, (2020), h.216
- Sarwati , Yusrawati JR Simatupang, dan Rika Kustina. 2021. *Peningkatan Kemampuan Menulis Teska Persuasi Menggunakan Media Audiovisual Pada Siswa Kelas VIII/2 MTsN 6 Aceh Besar*. *Jurnal Ilmiah Mahasiswa* Volume 2, Nomor 1, April 2021. Universitas Bina Bangsa Getsempena
- Sopian, A. (2016). *Tugas, Peran, dan Fungsi Guru dalam Pendidikan*. Raudhah Proud To Be Professionals: *Jurnal Tarbiyah Islamiyah*, 1(1), 88-97.
- Syahira, Nurul. 2021. *E- Learning: Implementasi Keterampilan Menulis Karangan Dalam Bentuk Teks Narasi*. E-mail : nurulsyahira0102@gmail.com Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia
- Suparno dan Yunus, Muhamad. 2010. *Keterampilan Dasar Menulis*. Jakarta: Universitas Terbuka
- Syaiful, Aswan. 2006. *Strategi Belajar Mengajar*. Jakarta : Rineka Cipta
- Sugiyono. 2016. *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D*. Bandung: Alfabeta.

- Tarigan, Henry Guntur. 2013. *Menulis Sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa Bandung.
- Wahyu Aji Fatma Dewi. 2020. *Dampak Covid _19 Terhadap Implementasi Pembelajaran Daring Di Sekolah Dasar*. Jurnal Ilmu Pendidikan Vol 2 No 1 April 2020 p-ISSN 2656-8063 e-ISSN 2656-8071
- Yin, Robert K.2009. *Studi Kasus Desain dan Metode* diterjemahkan oleh M. Djauzi Mudzakir. Jakarta: PT Grafindo Persada.